

BUSINESS CREDIT CARDS

Kredi Kat pou Biznis yo




AVÈTISMAN: Eleman debaz pwodwi oswa sèvis sa a disponib sèlman an Anglè: pa egzanp, dokiman kontra yo, divilgasyon legal yo, epi komunikasyon sèvis ki gen rapò ak pwodwi oswa sèvis la pral bay epwi yo dwe egzekite (kote li ta dwe aplike a) an Anglè. PNC fè efò pou l ofri anpil sèvis sipò lang, men tanpri fòk ou konnen anjeneral pwodui oswa sèvis la pral akonpli epi sèvi an Anglè. Tèm ak kondisyon prodwi PNC yo estandardize: byenke kondisyon yo ka varye selon reyalite aplikasyon an (sa gen ladan de karakteristik prodwi kliyan chwazi a), admision varyasyon yo deja detèmine pakonsekans aplikasyon PNC yo pa gen oken otorite pou yo negosye tèm varyasyon an avèk oken moun.

Resous Lang PNC

Tanpri gade nan PNC.com/Language pou jwenn enfòmasyon anplis sou Sipò ki disponib pou Lang.

Kredi Kat pou Biznis

Avèk yon kredi kat biznis PNC, ou menm ak Konpayi ou a pral kapab itilize kat sa pou achte, transfere balans, pran lajan kach sou kat kredi sa a epwi peye sa w ou prete a — plis nenpòt enterè ak frè ki ogmante sou li —pandan tan sa a. Gen kèk kat ki bay rekonsans tou.



Karakteristik Prensipal yo

Si yo apwouve w pou yon kredi kat pou biznis nan PNC:

- Ni Konpayi a, ni moun ki responsab yo, pral responsab pou tout aktivite ki fèt sou kont sa, sa vle di responsabilite pèsonèl pou moun ki responsab la, e pou tout montan ki dwe sou kont lan.
- Kont lan pral gen yon limit sou li, ki se montan maksimòm ki disponib pou acha, pran lajan, e transfè balans konbine. Pral gen yon limit separe pou w ka pran lajan dirèk sou kat la. PNC ka ogmante oubyen diminye limit kredi a nenpòt lè e pou plizyè rezon, ou ka mande pou yo fè sa depann de kalifikasyon w pou kredi.
- Chak mwa yap voye yon rapò pou ou ki gen anpil enfòmasyon enpòtan konsènan kont la ak eksplikasyon sou kondisyon yo. **Ou ta dwe li chak rapò sa yo ak anpil atansyon.** Li pral gen nan li enfòmasyon sou tranzaksyon yo, balans la, peyman minimòm ki dwe peye, dat limit pou peyman an fêt, epwi enfòmasyon sou fason w pou peye. Li pral gen ladan tou anpil lòt enfòmasyon ak divilgasyon enpòtan sou kont lan.
- **Ou dwe peye minimòm nan anvan oubyen nan dat delè a chak mwa pou evite frè reta ak penalite to pousantaj anyèl la (APR), epwi/oubyen posiblite pou rapò negatif sou kredi biznis la.**
- **Remak:** Pou kont Kat Kredi PNC BusinessOptions® Visa Signature® ak peyman okonplè, ou dwe peye montan total nouvo balans lan alè chak mwa. Si w pa peye tout nouvo balans la nèt, sa ka ogmante APR yo, bank la ka fèmen kont la epwi/oubyen fè yon rapò yon negatif sou kredi biznis la. Epitou, pa genyen opsyon pou transfè balans pou kat sa a.
- Si w peye tout nouvo balans lan, sa gen ladan transfè balans pou nenpòt transfè balans to pwomosyonèl, ki parèt sou rapò aktyèl la oplita nan dat delè a, n ap bay kont lan yon “periyòd gras” pou nouvo acha ki parèt sou prochen rapò a. Sa vle di ke nou p ap chaje enterè sou nouvo acha sa yo si nouvo acha yo peye oplita nan dat limit ki endike sou rapò sa a. Sepandan sonje ke—pa gen okenn dèle pou lajan ki sòti dirèk oubyen balans ki transfere.
- APR ki aplikab pou kont la se yon to varyab ki baze sou “to preferansyèl” *The Wall Street Journal*. Sa vle di nenpòt ogmantasyon oswa diminisyon nan to preferansyèl la pral lakòz yon ogmantasyon oswa diminisyon nan APR varyab yo sou kont lan tou. APR acha ak transfè balans yo afekte pou kont la depann de kalifikasyon kredi moun kap aplike a. Egzamine byen akò ak kondisyon kont lan avèk anpil atansyon pou w konprann kòman PNC kalkile enterè sou nenpòt balans ki pote sou kont la.
- Gade nan akò kont lan oubyen kontakte nimewo sèvis sipò telefòn nan ki sou kat kredi w la oubyen sou rapò w la pou plis detay sou sa w dwe fè si w jwenn yon erè nan rapò a. Kontakte nou imedyatman si w jwenn yon trazaksyon ki pa otorize oubyen si w kwè kredi kat la pèdi oubyen yo volè l.
- PNC ka chaje frè penalite si w pa respekte kondisyon ki nan kont lan, sa gen ladan yon frè pou reta si yon peman pa fêt nan dat limit la e anvan nenpòt lè limit, yon frè pou depasman si w depase limit kredi a, oubyen yon frè pou peman ki rejte si yo retounen yon peman.
- Frè ki aplike pou kont lan divilge nan moman aplikasyon an ak nan moman ouvèti kont lan. Ou ta dwe egzamine enfòmasyon sa yo ak anpil atansyon. Nou vle raple tou de lòt frè ki genyen pou diferan tip de tranzaksyon aprè kont la fin ouvri. Si w gen yon kesyon sou APR yo oubyen frè ki aplike pou kont lan, rele nimewo sèvis sipò pou kliyan yo ki sou kat kredi a oubyen sou rapò yo.
- PNC ka rapòte enfòmasyon sou pèfòmans Konpayi an sou kont lan bay biwo de kredi yo pou biznis.
- Konpayi an ka mande pou nou livre kat pou anplwaye l yo, dirijan l yo, direktè l yo, ak/oswa ajan Konpayi an ki otorize pou yo itilize kont la. Konpayi dakò pou bay tout enfòmasyon ke nou konsidere ki nesesè pou fè yon kat ak/oubyen pou bay aksè nan kont lan.

Kredi Kat pou Biznis yo

Kredi kat pou biznis nou yo nan lis anba a. Selon kredi kat la, ou ka resewa rekompans sou acha¹ jan li dekri anba a. Kondisyon yo nan chak program rekompans yo diferan epwi yo dekri nan tèm ak kondisyon pwogram rekompans yo la lè sa aplikab. Ou ka jwenn enfòmasyon tou sou pwogram rekompans yo sou pnc.com oubyen nan men yon rezendant sèvis kliyan PNC oubyen nan men youn nan ofis local no yo nan sant dapèl nou an.

- **Kredi Kat pou Biznis PNC Cash Rewards® Visa Signature®:** Wap gen kach kòm rekompans sou chak acha w fè¹ epwi wap ka reklame kash a seswa kòm kredi sou rapò a, oubyen depoze l nan kont biznis ki kalifye nan PNC.
- **Kredi Kat pou Biznis PNC points® Visa®:** Wap gen pwen pou rekompans sou chak acha ki kalifye¹ epwi wap ka reklame yo pami plizyè milye opsyon say o ki nan katalòg pwen nou an sa gen ladan lajan, kat kado, gwo mak machandiz yo, pwodwi nan magazen Apple yo, oubyen pou w rezèv vwayaj ou.
- **Kredi Kat Biznis PNC Travel Rewards Visa®:** Wap gen rekompans mileyaj sou chak acha w fè¹. Rezèv pròp vwayaj ou, apresa reklame mileyaj yo pou yon kredi sou rapò a.
- **Kredi Kat PNC BusinessOptions® Visa Signature®:** Chwazi pami 3 program rekompans yo epwi 2 opsyon ranbousman an: peye tout sa w dwe a oubyen peye renouvlab.
- **Kredi Kat Biznis PNC Visa®:** Kredi kat ki san rekompans la li konsantre sou fonksyonalite debaz ak posiblite pou APR (Pousantaj To Anyèl) ki pi ba a.

¹ Tèm “acha”, “acha ki kalifye” ak “acha nèt” pa vle di chak tranzaksyon ou fè ak kat kredi w lan. Gen kèk tranzaksyon ki limite, tankou tranzaksyon lajan dirèk sou kat la (ki gen ladan l acha ki ekivalan ak lajan) epwi transfè balans yo. Tout tranzaksyon sa yo pa ladan l.

PNC ak PNC Bank se mak depoze The PNC Financial Services Group, Inc.

Kredi Kat PNC Bank yo depann de apwobasyon kredi. Gen kèk restriksyon ak kondisyon ki ka aplike.

PNC Bank a, National Association se kreyansye ak emetè Kat Kredi PNC Bank yo.

Visa ak Visa Signature se mak depoze pou Visa International Service Association epwi yo itilize l sou lisans yo.

PNC points, PNC **BusinessOptions** ak PNC Cash Rewards, se mak depoze The PNC Financial Services Group, Inc.

©2024 The PNC Financial Services Group, Inc. Tout dwa rezèv.